



Frè etablisman pou pasyan ki pa entène lopital yo

Si w te resevwa swen antanke yon pasyan ki pa entène lopital, yo ka mande ou menm ak/oswa konpayi asirans ou an peye yon frè etablisman, anplis de frè pou wè doktè a. Yo **faktire frè etablisman** an, ki rele tou frè teknik la, pou kouvri depans mendèv ak depans ki pa depans mendèv (operasyonèl) nan lopital ki asosye avèk vizit ou a.

Yo faktire **frè pou wè doktè** a, ki rele tou frè pwofesyonèl la, pou kouvri depans mendèv pou doktè a oswa lòt depans pwofesyonèl medikal ki te bay sèvis yo pandan vizit ou a. Si yo bay menm sèvis sa yo nan klinik yon doktè, yo t ap faktire ou menm ak/oswa konpayi asirans ou an yon frè pou wè doktè ki gen ladan l ni depans mendèv ni depans ki pa depans mendèv yo pou klinik doktè a, ansanm ak depans mendèv pou doktè oswa pwofesyonèl medikal ki te bay sèvis sa yo pandan vizit ou a. Frè ki enkli tout frè pou wè doktè a nan klinik doktè a ta ka mwens pase ni frè pou etablisman apa ak frè pou wè doktè pou sèvis ou te resevwa yo antanke yon pasyan ki pa entène lopital.

Medicare mande pou lopital yo faktire frè etablisman ak frè pou wè doktè yo apa pou sèvis pou pasyan ki pa entène lopital yo. Pou yo kapab fè konparezon, Medicare ranbouse Hospital HealthCare Hospital pou frè etablisman yo a nan limit ki vini annapre yo: Hartford Hospital \$54.45-\$136.13, Windham Hospital \$55.56-\$138.91, Backus Hospital \$55.56-\$138.91, Charlotte Hungerford Hospital \$54.45-\$136.13, Hospital of Central Connecticut \$54.60-\$136.49, MidState Medical Center \$55.56-\$138.91 and St. Vincent's Medical Center \$57.50-\$143.75.

Konpayi asirans ou an pral kapab ba ou enfòmasyon sou ranbousman yo fè bay Hartford HealthCare Hospitals la pou pasyan ki pa entène lopital yo.



Si w pa kapab peye pou pòsyon pa w la nan frè etablisman sa oswa nenpòt lòt pòsyon ki nan bòdwo w la, tanpri, kontakte **1-860-696-6010** pou mande yo fè yon rediksyon pou ou oswa pou aplike pou jwenn asistans finansyèl.

Rasyo a reprezante revni brit nou pa rapò ak depans operasyonèl total nou yo. Chak antite diferan epi yo varyab pou ane bidjè 2021 an jan sa endike anba a:

Rasyo Depans pou Faktire pou Ane bidjè 2021 an

Hartford Hospital	36%
Hospital of Central Connecticut	32%
MidState Medical Center	35%
William Backus Hospital	32%
Windham Hospital	37%
Charlotte Hungerford Hospital	36%
St. Vincent's Medical Center	34%
Hartford HealthCare at Home	85%